методикалық принциплер бойынша да эпиўайыдан-қыйынға қарай өтиў баслы принцип деп есапланады.

Муғаллим мектепте V-IX классларда оқыўшыларда әдебий түсиниклерди қәлиплестириў ушын ең әўеле көркем шығармаларды талқылаўдан баслаў керек. Дәслеп үйрениўге тийисли заттың пүтинлигин билип алыў керек. Оннан кейин оның теориялық тәреплерин таныўға өтиў керек болады. Мәселен, қарақалпақ әдебиятының муғаллим класста оқыўшыларға бир гүрриңлик я повестьлик шығарманы өтпестен алдын, оның идеялық бағытын, образлылығын, композициялық қурылысын, эмоционаллығын белгилеп алмай турып, ондағы эпитетти, теңеўди, метафораны, гиперболаны табыўды талап етсе, онда оқыўшы бириншиден шығарманың пүтинлигин, оның теориялық элементлердиң өзлери белгилей алмайды. Сол себепли, қарақалпақ әдебияты муғаллими оқыўшылар да әдебий теориялық түсиниклерди көп ўақытларда қәлиплестиреди. Және де оны үйрениўдиң метод, усылларын көп қарастырыўына туўра келеди. Әсиресе, теориялық түсиниклерди қәлиплестириў оқыўшылар ушын жүдә мектеп өмириндеги қыйын процесс. Бул мәселени үйрениў, үйретиў тек оқыўшылар ушын емес, ал муғаллим ушында ең қыйын ҳәм жуўапкерли машқалалардан болып есапланады.

**Пайдаланылған әдебиятлар**


1. Палымбетов К., Пирниязов И., Бердимуратова Р. Әдебиятты оқытыў методикасы. (8-класс ушын). Нөкис-2009.
2. 3. Пахратдинов Ә. Қарақалпақ әдебиятын окытыў методикасы. Нөкис. «Билим», 2004.
3. Тўхлиев Б. Адабиёт ўқитиш методикаси. Тошкент. 2010.
4. Пахратдинов Ә. Педтехнология тийкарлары. Нөкис. «Қарақалпақстан», 2009.



**РЕЗЮМЕ.** Мақолада адабиёт назариясини ўқитишда қандай метод, усуллардан фойдаланиш керак, ўқитувчи ўқувчиларда адабий назарий тушунчаларни шакллантириши, бадиий адабиётни мактабда ўрганишнинг илмий талаблари, педагогик, методик принциплар бўйича сўз юритилади.

**РЕЗЮМЕ.** В статье обсуждается, какие методы и приемы следует использовать при преподавании теории литературы, как учителя должны формировать у учащихся литературные теоретические понятия, научные требования к изучению художественной литературы в школе, а также педагогические и методические принципы.

**SUMMARY**. The article discusses the methods and techniques to be used in teaching literary theory, the teacher's role in developing students' literary theoretical understanding, the scientific requirements for studying literature in school, and pedagogical and methodological principles.


## ШЫНҒЫС АЙТМАТОВТЫҢ «КАССАНДРА ТАМҒАСЫ» РОМАНЫНДАҒЫ ФИЛОСОФИЯЛЫҚ БОЛЖАМЛАР


**Б.Т.Бердиева** – *оқытыўшы*

*Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәдeният институты Нөкис филиалы*



**Таянч сўзлар:** иксзүрият философия, мифология, космос, футуролог, эмбрион, фантастика, эксперимент, генетика, медицина.

**Ключевые слова:** иксэмбрион, философия, мифология, фантастика, генетика, медицина.

**Key words:** embryo, philosophy, futurologist, science fiction, experiment, medicine.


Шынғыс Айтматовтың ең жақсы шығармалары әлле қашан жәҳән әдебиятының классикасының тийкарғы бөлеги болып үлгерди. Жазыўшының дөретпелери усылы тәрепиненде, көтерилген философиялық мәселелерине гөре бир-биринен парықланады, соның менен бирге олардың улыўмалық тәреплери де бар. Жазыўшының биз сөз етпекши болган философиялық романы - «Кассандра тамғасы». Бул апатшылық келмеген, бәлким адамның ис-ҳәрекетлери, менменлиги ақыбетинде жүзеге келди. Бир ғана мысал: ҳәмиледар ҳаяллар медициналық кериктен өткерилгенде айырымларының ҳәмилелеринде нәсил қуўалайтуғын ҳәм басқа да аўыр созылмалы кеселликлер бар екенлиги аныкланса да сорлы ана сондай нәрестелердиң дүньяға келиўинен мәпдар

екенлигин билдирген, себеби нәренжан перзентли анаға үй-жай, напақа алыўда жеңилликлерге ийе болады.

Романның мазмуны төмендегише: фашизмге қарсы урыс жылларында таңның алдында бир ҳаял жаңа дүньяға келтирген нәрестесин орап-шырмап балалар үйиниң есигиниң алдына, қардың үстине таслап кетеди. Нәрестени Андрей Крильцов деп атайды. Тасланды бала жүдә зийрек болып өседи ҳәм медицина институтын питкерип, генетик алым, кейинирек академик болып жетилиседи. Крыльцов өзиниң лабороториясында өндирилген эмбрионларды узақ мүддетке ҳүким етилген ҳаялларда көплеген иксзүриятлар - яғный, ата-анасы, туўған-туўысқанлары жоқ балаларды жетистире баслайды. Крильцовтың ҳаялы Евгения-күйеўиниң ҳеш ким қол урыўға батына алмайтуғын инсаниятқа жат ислерин сезип қалады ҳәм жеркенишли жумысын таслап бирге алысларға кетиўди, перзентли болып тыныш шаңарақ астында жасап, пәраўан өмир сүриўди сорайды. Гөзлеген мақсетине жетпей тыныш таппайтуғын күйеўи буған көнбейди. Барлық үмитлери пушқа шыққан Евгения пүткиллей басын алып кетип қалады. Қамақтағы ҳаяллардың бири Руна исмли ҳаял профессордың бул ислеринен ғәзепленип қамақ мүддетине мүддет қосылыўынан да қорықпастан алымды бул кәсиптен ўаз кешиўге шақырады. Крильцов буған да көнбегеннен кейин ҳаял өзин дәрьяға таслап набыт болады. Сезимин билдирмекши болып жүрген ҳаялдан да жүдә болғаннан кейин ҳәм өзиниң экспериментиниң ақыбети нелерге алып келиўине ақылы жеткеннен кейин жалғыз қалған Крильцов «маған жердиң бетинде орын қалмады» - деген жуўмаққа келеди. Ол халықаралық космик кемениң илимий станциясында үш жыл даўамында өзиниң биологиялық изертлеўлерин даўам еттиреди ҳәм жүдә заманагөй әсбаплар жәрдеминде үлкен ашылыўды әмелге асырады. Бул ҳәдийсе «Кассандра тамғасы» деп аталады. (Кассандра-әййемги грек мифологиясындағы Троя патшасының қызы, көзи ашық палкер қыз). Айырым ҳәмиледар ҳаяллардың пешанасында ҳәмиледарлықтың дәслепки ҳәптелеринде еки қасынын ортасында қызыл реңли дақ, яғный кассандра тамғасы пайда болады екен. Крильцов буның себебин анықлайды: бул, нәрестениң тәғдириниң азаплы кешиўинен нышана екен. Алым космостан арнаўлы нур жиберип Кассандра тамғасын анық көрсетеди, ақыбетте алдын билинер-билинбес болып турған қызыл дақ ҳәммеге көрине баслайды. Усындай жол менен пүткил жер шарындағы барлық ҳәмиледар ҳаяллардың ҳәмилелери анықланады. «Ерким өзимде болса мен туўылмаған болар едим… егерде мениң қәлеўиме қарамастан туўылыўыма мәжбүрлесе мен өзимниң тәғдиримди қабыл етиўге таярман. Мен Кассандра эмбрионман, туўылыўды қәлемеймен, қәлемеймен, қәлемеймен….»

Крильцов космоста узақ ўақыт ислеп аномал ҳәдийселер – кассандра – эмбрионлардың жыл сайын артып баратырғанлығы, жер жүзинде жаўызлық ҳәўиж алып, гүнаҳы-кәбийралар көбейип баратырғанлығына көзи жеткеннен кейин иксзүриятларды дүньяға келтиргенине пушайман болады. Ол өзин космослық руўханый деп дағазалайды ҳәм Филофей лақабын алады. Халық Филофейди космостан урып түсириўди талап етеди ҳәм аламан америкалық көзи ашық футуролог алымды Филофейдиң ашқан жаңалығы тәрепдары болғанлығы ушын өлтиреди.

Шығарманың мазмунына тереңнен нәзер салсақ-жақсылық пенен жаманлықтың мәңги гүресиниң жаңа түрлерин ашыў, инсанияттың келешектеги тәғдири ҳаққында жан күйдириў тек ғана Шыңғыс Айтматовтай уллы қәлем ийесине несип еткенлигин түсинип жетемиз.

**Пайдаланылған әдебиятлар**

1. Айтматов Чингиз «Охирзамон нишоналари (Кассандра тамғаси)» Тошкент 1996 й. Суюн Қораев таржимаси.

**РЕЗЮМЕ.** Бул мақалада түркий халықлар әдебиятының ири ўәкили, дүнья масштабында дыққатқа сазаўар болған уллы жазыўшы Ш.Айтматовтың «Кассандра тамғасы» романындағы фантастикалық ўақыялар, соның менен бирге ҳәзирги ўақытта жүз берип атырған глобаллық машқалалар ҳаққында сөз етиледи.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье рассказывается о фантастических событиях в романе «Тавро Кассандры» крупного представителя литературы тюркских народов, всемирно известного писателя Ш. Айтматова, а также о глобальных проблемах, происходящих в настоящее время.

**SUMMARY.** In this article, fantastic events in the novel «Cassandra's Tamga» by the great representative of Turkic peoples' literature, world-renowned writer Sh.Aitmatov, as well as global problems occurring today, are discussed.

## YOSHLARNI MANAVIY –AXLOQIY TARBIYALASHDA JISMONIY TARBIYA VA SPORT SOHASI MEXANIZIMINI TAKOMILLASHTIRISH

**Berdimuratov Razatdin** – *o'qituvchi*
*O'zbekiston davlat san'at va madaniyat instituti Nukus filiali*

**Tayanch so'zlar:** jismoniy tarbiya, sport, sog'lom avlod , yoshlar, qadriyatlar, manaviy-axloqiy tarbiyalash, kuch, g'urur, g'olibta'lim-tarbiya, g'olib, xalqaro maydonlar.

**Ключевые слова:** физическая культура, спорт, здоровое поколение, молодежь, ценности, духовно-нравственное воспитание, сила, гордость, воспитание, победители, международные соревнования.

**Key words:** physical culture, sports, healthy generation, youth, values, spiritual and moral education, strength, pride, education, winners, international competitions.

Respublikada oxirgi yillarda jismoniy tarbiya va sportni ommalashtirish, aholi o'rtasida sog'lom turmush tarzini targ'ib qilish, imkoniyatlari cheklangan shaxslarning jismoniy reabilitatsiyasi uchun zarur shart-sharoitlar yaratish hamda mamlakatning xalqaro sport maydonlarida munosib ishtirok etishini ta'minlash borasida izchil chora-tadbirlar amalga oshirilmoqda. Har qanday mamlakatning taraqqiy etishi va yanada rivojlanishi, qisqa qilib aytganda ertangi kuni bevosita ulg'ayib kelayotgan yoshlarga bog'liq. Ayniqsa yoshlar dunyo aholisining tez va shiddat bilan ko'payib borayotgan qismini tashkil topadi. Qayd etish joizki, hozirgi vaqtda jismoniy tarbiya va sport sohasidagi munosabatlar O'zbekiston Respublikasining «Jismoniy tarbiya va sport to'g'risida»gi qonuni va boshqa normativ-huquqiy hujjatlar bilan tartibga solinmoqda. "Jismoniy tarbiya va sport to'g'risida"gi Qonun qabul qilingan vaqtdan boshlab unda belgilangan normalarni, shuningdek jismoniy tarbiya va sport sohasidagi munosabatlarni tartibga soluvchi boshqa normativ-huquqiy hujjatlarni qo'llash amaliyotida tajriba to'plandi, bu esa jismoniy tarbiya va sport sohasidagi huquqiy mexanizmlarning takomillashtirilishini talab qiladi.

Jumladan, Qonunga muvofiq, faoliyatning asosiy turi sifatida jismoniy tarbiya va sport sohasidagi faoliyatni amalga oshiruvchi yuridik shaxs, shuningdek boshqa yuridik shaxsning tarkibiy bo'linmasi jismoniy tarbiya va sport tashkilotidir. Jismoniy tarbiya va sport sohasida faoliyatni amalga oshiruvchi jismoniy tarbiya-sport tashkilotlari, yakka tartibdagi tadbirkorlar aholining turli guruhlari o'rtasida jismoniy tarbiya va sportni rivojlantirish bo'yicha ishlarni tashkil qilishda ishtirok etadi, sportchilarni va sport musobaqalarida hamda o'quv-mashq tadbirlarida ishtirok etuvchi boshqa mutaxassislarni tayyorlash, ularning sog'lig'ini muhofaza qilish va mustahkamlash uchun shart-sharoitlar yaratadi, sportchilar va murabbiylarga mashg'ulot uchun zarur shart-sharoitlarni ta'minlaydi, shuningdek ushbu mutaxassislarga sport natijalariga erishishi uchun boshqacha tarzda ko'maklashadi. Jismoniy tarbiya va sportning tarbiyaviy imkoniyatlari ulkandir. Emotsional, jismoniy va ijtimoiy ahamiyatli bo'lgan faoliyatning bu turlari xalqning ijobiy tajribalarini, xarakterning qimmatli hislatlarini, shaxs xususiyatlarini shakllantirish imkonini beradi.

O'smirlar, o'spirinlar, qizlar, yosh yigitlar sport bilan shug'ullanar ekanlar, katta jismoniy va ruhiy yuklanishni boshdan kechiradilar.

Bunday paytlarda yuzaga kelgan qiyinchiliklarni yengib o'tish irodani tarbiyalash uchun sharoit yaratadi. Pedagog-murabbiylar tomonidan maqsadga qaratilgan va to'g'ri boshqarilgan sport mashg'ulotlari jarayoni qiyinchiliklarni yengib o'tishga o'rgatadi, Vatanparvarlik, mehnatsevarlik, insonparvarlik, qat'iyatlik, do'stona qo'llab-quvvatlashni namoyon etishni talab qiladi. Sport va qadriyatlar sog'lom avlod tarbiyasining muhim omillaridan biridir. O'zbekiston mustaqil davlat sifatida shakllanishi va uning istiqlol sari dadil borishi ijtimoiy-iqtisodiy, qurilish, raqamli texnologiya, siyosiy, madaniy ma'rifiy, sog'liqni saqlash va turizm sohalarini yanada takomillashtirishni taqozo etadi. Bu yo'lda sog'liqni saqlash, fan va innovatsiyalar, madaniyat, texnika, iqtisod, ta'lim-tarbiya, maktabgacha va maktab, jismoniy tarbiya va sport hamda boshqa sohalarda chuqur islohotlar olib bormoqda. Malumki bu